

Sezi Moman Sa

4 Avril, Prezidan ak Direktè Jeneral Boston Foundation nan, Mesye Lee Pelton, te anonse yon nouvo vizyon estratejik pou TBF—rezilta reyinyon apwofondi avèk moun ki nan tout rejyon nou an, ansanm ak konsèy administrasyon nou an e ak pèsònèl nou an pandan 10 dènye mwa yo. Our New Pathway (Nouvo Chemen Nou an) te enspire pa trip pandemi COVID-19 la, devastasyon ekonomik li te lakoz, ak ekspozisyon trè piblik disparite rasyal ki t'ap toumanje peyi nou an depi trè lontan. Sa te raple nou genyen de Boston, youn pwospere epi lòt la alèz—lòt la ap lite pou fè de bout yo fè yon sèl nan majorite vil ki pi inegal yo nan Amerik.

Li te egalman revele efè devastatè rasis sistèmik ak estriktirèl la, ki kwaze avèk kwaze avèk fòm enjistis klas, ekonomik, idantite seksyèl ak etnik anpil kominote —Afwo-Ameriken yo, Ameriken Latino yo, Ameriken Azyatik yo ak abitan Zile Pasifik yo, Endijèn yo, LGBTQA+ yo, imigran yo, travayè migran yo ak moun ki ap viv nan divès kominote ki gen fèb revni ak mal desèvi yo. Epi sa te revele entolerans ak lahèn, tankou anti-Semitism ak Islamofobi.



Se trip pandemi an ki te enspire Nouvo Chemen nou.



Estrateji Debaz Nou yo

1. Anplifye enpak lidèchip sivik Boston Foundation pou kreye opòtinite ak ekite.
2. Repare domaj disparite ekonomik yo, sosyal yo, idantite seksyèl ak rasyal sistèmik ak estriktirèl yo lakoz nan tout dimansyon sosyete nou an.
3. Konstui ak nouri divès ide ak divès pwogram ki kontribiye ak yon sosyete ekite ak jis pou kominote ki majinalize yo.
4. Angaje nou pou konble eka richès rasyal yo.
5. Enspire ak kolabore avèk donè nou yo ak patnè nou yo pou mobilize yon filantwopi efikas ki konfòm ak vizyon estratejik ak estrateji fondamantal Fondasyon an.

Trip pandemi an te egalman revele efè devastatè rasis sistèmik ak estriktirèl la, ki kwaze avèk kwaze avèk fòm enjistis klas, ekonomik, idantite seksyèl ak etnik anpil kominote yo t'ap soufri.

“Nou abòde travay sa avèk yon imilite pwofon, espwa ak pwomès—ak avèk konesans ke li posib alafwa pou dirije ak fè patenarya alafwa an menm tan. Nou kwè pwofondeman nouvo estrikti yo, pwogram yo ak politik yo konstui nan kolaborasyon avèk kominote a, ak non pou kominote a.”

— M. Lee Pelton, rezidan ak Direktè Jeneral



Our New Pathway (Nouvo Chemen Nou an) plase ekite nan kè tout sa Boston Foundation espere reyalize.

Ekite. Reparasyon. Konstriksyon.

Our New Pathway (Nouvo Chemen Nou an) plase ekite nan kè tout sa Boston Foundation espere reyalize. Nou fè sa avèk konesans ke ekite yo sistemik, estriktirèl ak kouran. Tout tantativ pou demantle yo pral bezwen yon pasyans ekstrawòdinè—epi nou p'ap janm deklare yon viktwa senp. Lòt gwo priyorite nou yo se pou repare tisi sosyal dechifre nou an ak pou bati—nan ankouraje divès nouvo ide, soutni antrepriz pwometè yo epi kontribiye nan byen komen nan tout fason posib.

Lidèchip Sivik

Nou kwè lidèchip sivik la se mwayen ki pi pisan pou fè pwogrese ekite nan Greater Boston. Li repoze sou kolèk done ak kòmman rechèch, òganize divès konvèzasyon ak itilize konesans pataje nou an pou travay avèk lòt yo pou defann chanjman sistèm yo. Patnè nou yo ki nan travay sa se tout sila yo ki ap travay chak jou pou kreye yon Boston ki pi ekitab ak divès opinyon.

Patnè nou yo ki nan travay sa se tout sila yo ki ap travay chak jou pou kreye yon Boston ki pi ekitab.

Apwòch nou sou Lidèchip

Nou antre nan travay sa avèk yon imilite pwofon ak pandan nou konnen li posib alafwa pou dirije ak fè patenarya an menm tan. Nou kwè pwofondeman ke nouvo estrikti yo, pwogram yo ak politik yo konstui an kolaborasyon avèk kominote a, pa pou kominote a.

Angajman sou-Jasan nou yo

- Plase ekite nan sant travay nou an, alafwa konseptyèlman ak nan reyalyte a.
- Dirije an patenarya avèk imilite, jenewozite, ak otantisite.
- Valorize vwa reprezantan yo, eksperyans yo viv yo patnè nou yo ki nan travay sa se tout sila yo ki ap travay chak jou pou kreye yon Boston ki pi ekitab.
- Pran rezolisyon pou fè fas ak divès pwoblèm difisil.
- Pote verite nan istwa nou an—apwofondi yon konpreyansyon komen nan fason disparite sistemik yo ak estriktirèl yo te toumanje Boston ak Commonwealth la.
- Valorize mezi ak analiz done yo antan ke gid esansyèl nan aprantisaj nou an, priz desizyon nou ak mezi randman nou.

APRANN PLIS! Konsilte [tbf.org/ournewpathway](https://www.tbf.org/ournewpathway) pou plis enfòmasyon ak repons pou kesyon ou yo.

